# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–22 अगस्त 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु बिहार के गया में कई गो विकास परियोजना क सिलान्यास अउर उद्घाटन समारोह में भ्रस्टाचार के प्रति सरकार के प्रतिबद्धता क जिकिरि कइलीं। येह दौरान उहां के एक सौ तीसवां संविधान संसोधन विधेयक–दुइ हजार पचीस क समरथन कइलीं। उहां के कहलीं कि सरकार भ्रस्टाचार के खिलाफ कानून ले के आइलि हौ अउर प्रधानमंत्रियो पद एकरे दायरा में बाटे।

***एनडीए सरकार भ्रष्टाचार के खिलाफ एक ऐसा कानून लाई है तो प्रधानमंत्री हो या मुख्यमंत्री या फिर कोई भी मंत्री, उसे गिरफ्तारी के 30 दिनों के अंदर जमानत लेनी होगी और अगर जमानत नहीं मिली तो 31वें दिन उसे कुर्सी छोड़नी पड़ेगी।***

येह मौका पर प्रधानमंत्री कहलें कि ऑपरेसन सिंदूर भारत क रक्षा नीति के एगो नया दिसा दिहले हौ। एहसे पहिले प्रधानमंत्री गया अउर दिल्ली के बिच्चे अमृत भारत एक्सप्रेस ट्रेन आ वैशाली अउर कोडरमा के बिच्चे बौद्ध सर्किट ट्रेन के हरियर झंडियो देखवलीं।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में एगो उच्च स्तरीय बइठकी में नगर विकास विभाग के कामकाज क समीक्षा कइलीं। येह दौरान उहां के जिला मुख्यालयन वाली नगर पालिकन के स्मार्ट अउर बिकसित नगर पालिका बनवले के योजना पर कार सुरू कइले क निरदेस दिहलीं। बइठकी में अधिकारी लोगि योजना के कई गो बिसेसता के बारे में मुख्यमंत्री के जनकारी दिहलें। येह दौरान मुख्यमंत्री योजना क हब एंड स्पोक मॉडल पर लागू करे के कहलीं उहां के नगरन में इलेक्ट्रिक बसन के प्रोत्साहित कइले अउर जरूरी चार्जिंग इंफ्रास्ट्रक्चरो जल्दिये तइयार करे के कहलीं। मुख्यमंत्री नगर निगम कर बकाया के बिसंगतियन पर अभियान चला के समाधान निकरले अउर नगर आयुक्त, महापौर, कार्यकारिणी समिति आ नगर निगम बोर्ड क वित्तीय मंजूरी सीमा क जुरते बिस्तार कइले क निरदेस दिहलें। उहां के पीपीपी मोड पर लखनऊ में शहीद चंद्रशेखर आजाद अन्तर्राष्ट्रीय शूटिंग रेंज अउर बहुद्देस्यीय खेलि परिसर क स्थापनो क निरदेस दिहलीं।

**********

सर्वोच्च न्यायालय राष्ट्रीय राजधानी क्षेत्र दिल्ली में आवारा कुत्तन के पकड़ले अउर उन्हें आश्रय वाले जगहि पर भेजले से जुड़ल अपने पहिले के निरदेसन में संसोधन कइले हौ। पीठि निरदेस दिहले हौ कि पकड़ल गइल आवारा कुत्तन क नसबंदी अउर टीकाकरण के बाद उन्हें उनकरे इलाका में छोड़ि देवे के चाही। निरदेस के मोताबिक रेबीज से संक्रमित चाहे आक्रामक ब्यौहार वाले कुत्तन के नाहीं छोड़ल जाई। एगो रिपोर्ट–

***न्यायमूर्ति विक्रम नाथ की अध्यक्षता वाली पीठ ने आवारा कुत्तों पर एक अखिल भारतीय नीति बनाने के लिए सभी केंद्र शासित प्रदेशों और राज्य सरकारों को पक्षकार बनाया है। विभिन्न उच्च न्यायालयों में लंबित ऐसी सभी याचिकाएं सर्वोच्च न्यायालय में स्थानांतरित करने का प्रस्ताव रखा। समाचार कक्ष से वैष्णवी।***

**********

बनारस, रेल पटरियन के बिच्चे पोर्टेबल सौर पैनल प्रणाली लगावे वाला देस क पहिला सहर बनि गइल हौ। बनारस रेल इंजन कारखाना–बरेका क मुख्य जनसम्पर्क अधिकारी राजेश कुमार बतवलें कि करखाना परिसर में पांच दसमलव आठ किलोमीटर यार्ड ट्रैक पर सोलर पैनल लगा के पूरा देस में ई पहिला अनूठा प्रयोग कइल गइल।

**********

बनारस क भारतीय प्रोद्योगिकी संस्थान–आईआईटी–बीएचयू अउर लखनऊ के इंटिग्रल यूनिवर्सिटी कै सोधकरता माइक्रो एल्गी उगवले क एगो नया तकनीक बिकसित कइले हवे। येह तकनीक से बेसी तेल पा के बायोफ्यूल बनावल जा सके ला। सोध से जुड़ल आईआईटी–बीएचयू के स्कूल ऑफ बायोकेमिकल इंजीनियरिंग क एसोसिएट प्रोफेसर डॉ विशाल मिश्रा बतवलें कि येह तकनीक से स्वच्छ ईंधन बनवले, पर्यावरण क रक्षा कइले अउर जीवास्म ईंधन पर निर्भरता कम कइले में मददि मिली।

**********

गोरखपुर के सथहीं प्रदेस के कुछु अउरियो जिलन में कहीं–कहीं आजु दुपहरिया बाद भइल बरखा से लोगिन के उमस से राहति मिलल हौ। अबहिनों आसमान में बदरी छवले बा अउर कुछु जगहिनि पर रूकि–रूकि के बरखा क क्रम जारी बा। मौसम विभाग की ओरि से अगिला दुइ दिन ले कहीं–कहीं भारी बरखा क धिरवनियो जारी कइल गइल हौ। येह बिच्चे, बरखा अउर बाढ़ि के नाते प्रदेस क कई गो नदी उफान पर हइनि। अजोध्या जिला में सरजू क बढ़ल जलस्तर के देखत एक सौ पचास से बेसी परिवारन के सुरक्षित जगहिनि पर ले आवल गइल हौ। हमरे अजोध्या प्रतिनिधि बतवलें कि फिलहाल ओइजा पानी क स्तर घटत बा।

**********